# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА АРХИВ ИСИН ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎДЕГИ МАШҚАЛАЛАР

**Сайманов С.С.**

*Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

Архив - жыллар даўамында қәдири артып баратырған, тарийхымыз, соның ишинде, Қарақалпақстан тарийхы бойынша ҳүжжетлердиң қоры. Архив ҳүжжетлери халқымыздың бай тарийхый мийрасы болып есапланады. Себеби, архив ҳәм архив ҳүжжетлери халықтың тарийхый естелиги болып есапланады. Архив ҳүжжетлерисиз илим, мәденияттың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўын ойлап, халықтың әдеп-икрамлылық қәдириятларын түсинип болмайды. Архив ҳүжжетлери халықлардың үрп-әдетлери, дәстүрлери ҳәм мәдениятында терең тарийхый тамырларға ийе, тарийхтың әҳмийетли машқалаларын илимий жақтан ислеп шығыўда теңсиз дерек болып табылады. Архив ҳүжжетлери қәстерлеп сақланса ҳәм илимий мақсетлерде пайдаланылса, тарийх бетлерин надурыс талқылаў ҳәм жасалмаластырыўға жол қойылмайды, себеби дүнья тарийхы өзиниң шексиз ҳәм турақлы раўажланыўында жасалма дүзетиўлерге жол қоймайды.

Усы мәнисте, Қарақалпақстан архив исиниң қәлиплесиў ҳәм раўажланыў тарийхын үйрениў улыўма Қарақалпақстан тарийхын үйрениў ушын айрықша әҳмийетке ийе болып, бүгинги күнге шекем бул тема тарийхшы изертлеўшилер тәрепинен «шетлеп қалынған» ҳәм илимий изертленбеген, бул бойынша елеге шекем фундаментал мийнетлер жоқ. Ғәрезсизлик жылларында ғалаба хабар қуралларында, тийкарынан Қарақалпақстан Республикасы Орайлық мәмлекетлик архивиниң хызметкерлери тәрепинен архивлердиң әҳмийети, архив ҳүжжетлерин есапқа алыў ҳәм сақлаў қағыйдалары ҳәм басқа да техникалық мәселелерге бағышланған бир қанша материаллар басып шығарылды. Сондай-ақ, «Архившилер күни» ҳәм басқа да юбилей сәнелерге бағышланған үгит-нәсият-публицистикалық мақалалар да бар болып, оларда архив исиниң қысқаша тарийхый хронологиясына, оны ғалаба ен жайдырыўға үлкен итибар қаратылған.

Усы мәнисте, Қарақалпақстанда архив исиниң қәлиплесиў ҳәм раўажланыў тарийхын үйрениў бүгинги күнде тарийх илиминиң әҳмийетли мәселелеринен бири болып есапланады.

XX әсирдиң 20-30-жылларында Қарақалпақстан архив исиниң раўажланыўы үш басқышта, яғный үш республика қурамында болған дәўирлерде әмелге асырылды. Себеби, Қарақалпақстан автономиялы областы (1932 жылдан ҚҚАССР) 1924-жылы дүзилген ўақыттан баслап Қазақстан АССР қурамына киргизилген болып, ол өз гезегинде РСФСРға бойсынған еди. 1930-жылдың орталарында Қарақалпақстан Автоном ўәлаяты Қазақстан АССР қурамынан шығарылып, тиккелей РСФСР қарамағына өткерилди, 1936-жылы болса ҚҚАССР СССРдың жаңа Конституциясы бойынша Өзбекстан ССР қурамына кирди.

Қарақалпақстан Республикасы Орайлық Мәмлекетлик архиви өз алдына бөлим сыпатында 1924-жылы февралда ККАО архив бюросы сыпатында шөлкемлестирилди ҳәм оның биринши басшысы 1928-жылға шекем усы лаўазымда ислеген Л.А.Клугин болды [1]. Оның Қарақалпақстанда архив исиниң жолға қойылыўы ушын көп жумыс ислегенин мақтаў керек. Ол жергиликли ҳәкимиятқа күш-ғайрат пенен ҳәм басқышпа-басқыш мүрәжат етиўи нәтийжесинде хызметкерлердиң штатын кеңейтиўге, архив сақлағышлары ушын орын ажыратыўға еристи. Тарийхый әҳмийетке ийе болған барлық ҳүжжетли дереклерди тәртипке салыў бойынша машақатлы жумысларды да оның үлкен хызметине киргизиў керек.

1928-1938-жыллар Қарақалпақстанда архив исиниң раўажланыўында ең аўыр дәўир болды. 1928-жылдың 12 июнь күни №11-санлы буйрығы менен Қарақалпақстан автономиялы ўәлаятлық атқарыў комитети (Төрткүл қаласы, 12.06.1928-ж.) бойынша ҚҚАО ўәлаятлық Архив бюросының баслығы етип Всеволод Александрович Парийский тайынланды [2]. В.А.Парийский лаўазымға кирискеннен соң архив мәкемелери алдында олардың қарамағындағы архив материалларын үйрениў ҳәм илимий-изертлеў мақсетлеринде пайдаланыў ушын таярлаў тараўында әҳмийетли ўазыйпалар турды, бул архив хызметкерлериниң турақлы кадрларын жаратыўды талап етти, бул болса тийисли материаллық тәмийнатты жаратпай турып әмелге асырылыўы мүмкин емес еди. Бул ўақытта ўәлаятлық архбюро штаты тек үш адамнан ибарат болды - баслық, киши архивариус Матрена Андреевна Задорожная ҳәм қараўыл Александр Федорович Ланшаков [3].

В.А.Парийскийдиң архив исинин раўажланыўына қосқан үлеси сыпатында ол тәрепинен 1930-жылдың басында ҚҚАО ўәлаятлық атқарыў комитетине архив исин раўажландырыў бойынша бес жыллық реже киргиздилгенлигин атап өтиўге болады. Бул реже бойынша 1930-жылы жергиликли миллетлерден болған қараўыл-хат тасыўшы ҳәм қарақалпақ тилин билетуғын архивариус лаўазымын, ал 1931-жылы сиясий секция баслығы, 1932-жылы жоқары оқыў орнынан илимий хызметкер лаўазымларын киргизиў есабынан архив бюросы штатын кеңейтиў нәзерде тутылған еди [4].

Бирақ, 1930-жылы 21-сентябрде В.А.Парийский ишки ислер халық комиссарлығы (НКВД) органлары тәрепинен қамаққа алынды ҳәм сол күннен баслап 1931-жылдың январына шекем ҚҚАО орайы - Төрткүл қаласында тек ғана тәжирийбели жумысшылар болмағанлығы себепли ҳәм де бул лаўазымда төмен мийнет ҳақы ҳәм аўыр шараятларда, ызғар ҳәм ыссыз имаратта ислеўге разы болатуғын тийисли улыўма маглыўматқа ийе шахслар болмағанлығы себепли ўәлаятлық бюро баслығы лаўазымы бос турды.

1931-жылы 1-январда архив иси менен таныс болган қәнийге сыпатында Карпова ўәлаятлық архив баслығы лаўазымына тайынланады ҳәм архивти тәртипке келтириўди баслап, архивти қабыллаўға үлгермей, бир ярым айдан соң, сондай аўыр шараятта ислеў мүмкин болмаганлығы себепли 1931-жылы 17-февралда жумыстан босатылады [5]. 1931-жыл 1-майдан Ўәлаятлық халық билимлендириў бөлими бойынша 1931-жыл 30-апрелдеги

102-санлы буйрық тийкарында Облархбюро баслығы лаўазымына Тихан Иванов кириседи, ол бир айдан сәл көбирек ислеп, 1931-жыл 4-июнде азат етиледи [6], ал 1931-жыл 1-сентябрьден баслап Владимир Павлович Мелгунов баслық етип тайынланады [7]. В.П.Мелгунов ҚҚАОда архив исиниң ҳақыйқый аўыр жағдайын түсинип, ўәлаят атқарыў комитети Президиумына бир неше мәрте архив имаратын оңлаў, оны архивариус ҳәм қараўыл-хат тасыўшы хызметкерлер менен тәмийинлеў (бул лаўазымлардың айырымлары 1929-жылы қысқартылған – авт.) ҳәм ақырында, ўәлаятта архив ислерин тийисли дәрежеге көтериў ушын үлкен әмелий жумыс стажына ийе жоқары илимий тәжирийбеге ийе қәнигени архив баслығы лаўазымына тайынлаўды ўәлаят атқарыў комитети Президиумынан сорап, бул иске аз таярлық көргенлиги ҳәм ҳеш қашан архив линиясы бойынша ислемегенлигин себеп етип көрсетеди.

1934-жылдың 19-январында СССР ҳәм РСФСР Орайлық архивиниң ўәлаятлық архив, кейин ала ҚҚАССР Орайлық архив баслығы лаўазымына тарийх-архив институтын (шөлкемлестириўшилер бөлими) питкерген бирден-бир архив иси қанийгеси Е.И.Малогришенко жиберилди [8].

Е.И.Малогрищенко республикада архив иси жағдайы менен танысып, ҚҚАССР ОАК Президиумына баянат жазып, онда бул тараўда анықланған барлық машқала ҳәм кемшиликлерди көрсетип өтти. Атап айтқанда, биринshiден, ҚҚАССР Орайлық Архиви ВКП (б) округлик қадағалаў комиссиясы ҳәм жумысшы-дийхан инспекциясы Халық комиссариатының 1933-жыл 19-сентябрдеги қалалық Кеңеске Архивти тийисли имарат пенен тәмийинлеўди усыныс еткен қарарына қарамастан, елеге шекем ески, пүткиллей жарамсыз жайда жайласқан, соның ақыбетинде архив материаллары ызғарланып, олардың бир бөлегин көк басқан.

**Екиншиден**, архив материаллары 46 фондтан ибарат (14.966 сақлаў бирлиги) киши архив болып, олардың 15 проценти баян етилмеген, қалғанлары баян етилген болса да, дүзилиси бойынша жайластырылмаған ҳәм көрсетпелер бойынша тәртипке салынбаған, буған архивлердиң тар жайласқанлығы, стеллажлардың ҳәм хызметкерлердиң зәрүр маманлығының жоқлығы, сондай-ақ, Республикалық архивтиң қараўында болған Наркомпрос тәрепинен де, басқа да жоқары шөлкемлер тәрепинен де итибардың жетерли дәрежеде болмағанлығы себепли болмақта.

**Үшиншиден**, архив хызметкерлери штатының оғада азлығы (жәми 2 адам - авт.), сондай-ақ, зәрүр пул қаржыларының жоқлығы архив-техник ҳәм илимий-изертлеў жумысларын алып барыўға мүмкиншилик жоқ екенлиги, себеби ҚҚАССР ўәлаятлық архивиниң бюджети 1933-жылы 6000 рубль муғдарында болып, соннан 4500 рубль мийнет ҳақыға, қалғанлары болса майда ҳәкимшилик-хожалық қәрежетлерине зордан жететуғын еди.

**Төртиншиден**, бул дәўирде ҚҚАССР ўәлаятлық архивиниң архив материаллары аз муғдарда, шама менен 46 фондқа ийе еди, себеби ҳәр қыйлы жылларда архивтен көп муғдардағы архив материаллары (планлар, карталар, китаплар) ҳәр қыйлы мәкемелерге (жер бөлими, ЗАГС ҳәм т.б.) ҳәм жеке қолларға, сондай-ақ, айырым фондлар 1924-1930-жыллары Қазақстан архивине өткерилген [9].

Архив исиниң аўыр жағдайын есапқа алып, ҚҚАССР ОАК Президиумы 1934-жылы 11-мартта Қарақалпақстан АССР Орайлық Атқарыў Комитетиниң баслығы Нурым Сафаровтың имзасы менен ҚҚАССР Орайлық Архив басқармасын дүзиў ҳаққында қарар қабыл етти, онда, атап айтқанда, былай делинген еди: «ҚҚАССР Архив исин тийисли жоқары дәрежеге көтериў ҳәм Орайлық Архивтиң жумысын түп-тийкарынан қайта шөлкемлестириў, революциядан бурынғы ҳәм революциядан кейинги мәкемелердиң архивлерин есапқа алыў ҳәм жыйнап алыў, колхозлар, совхозлар ҳәм машина-трактор станцияларда архивтиң жумысын ҳәм ислеп шығарыўдың ағымдағы бөлегин жақсылаў ушын байланыс орнатыў жумысларын оған жүклеўдиң ҳақыйқый зәрүрлигин мойынлап, Архив исиниң ведомстволық жағдайы арттырылсын ҳәм ол Халық Комиссарлығы ҳуқықы тийкарында Орайлық Комитеттиң қарамағына өткерилип, «Областлық Архив» атамасы «ҚҚАССР Орайлық Архив басқармасы» деп өзгертилсин ҳәм тийисли мөр және штамп берилсин» [10].

XX әсирдиң 30-жылларында совет архив мәкемелериниң жумысында айырым өзгерислер жүз берди. Усы жыллары архив мәкемелерин структуралық шөлкемлестириўдиң жаңа принципи белгиленди. Ендигиден былай олар атқарыўшы функциялар (илимий, мағлыўматнама, техникалық) бойынша бөлиниўдиң орнына барлық хызметкерлер архив материалларының белгили бир топары ушын толық жуўапкерлик пенен фондлар топарлары бойынша қатаң бөлистирилетуғын тәризде қайта дүзилиўи керек еди. Екинши бес жыллыққа қарама-қарсы түрде архив мәкемелери ушын архив фондларын тәртипке салыў ўазыйпасы биринши дәрежели деп көрсетилди ҳәм олардан пайдаланыў мәселеси екинши дәрежеге қойылды.

Егер бурын архив хызметкерлериниң көпшилик бөлими илимий хызметкерлерге хызмет көрсетиўши аппарат сыпатында болған болса, енди архив исиниң орайлық фигурасына архив-техник хызметкер айланыўы керек еди. Биринши ўазыйпа архив материалын архив-техникалық жақтан ислеп шығыў, ҳәр түрли түрдеги инвентарь-есап ҳүжжетлерин дүзиў арқалы тәртипке келтириў, архив мәкемелери ҳәм НКВД уйымлары арасындағы тийисли шәртнамалар тийкарында архивлердиң жумысшы-дийқан милициясы күшлери тәрепинен жақсы қорғалыўын тәмийинлеў зәрүрлиги жәрияланды. Екинши ўазыйпа архивлерди сиясий жақтан сабырлы емес ҳәм бул жумысқа ылайық емес шахслардан тазалаў деп жәрияланды. Архив мәкемелери хызметкерлериниң барлық күшлери сол ўақыттан баслап ҳәм кейинги жыллар даўамында ҳүжжетлерди бөлистириў, тәрийиплеў ҳәм тексериўге қаратылды [11].

ҚҚАССР ОАКниң 1934-жыл 11-марттағы қарарына муўапық ҚҚАССР Архив бюроси Қарақалпақстан АССР Орайлық Архив басқармасы етип қайта дүзилди ҳәм Халық билимлендириў комиссарлығы қарамағынан Орайлық Атқарыў Комитети қарамағына өткерилди.

1934-жылы 11-марттағы Қарар қабыл етилгеннен кейин Орайлық Аўқамның жаңа басшысы тәрепинен республиканың архив исиндеги жағдайды дүзетиўге ҳәрекетлер болды. Атап айтқанда, усы жылдың апрел айында архив басқармасы ушын бухгалтерия бөлимин ажыратыўға ериседи. Бирақ, жаңа имарат, бюджеттиң көбейиўи, орайлық архив басқармасы штатының кеңейиўине ҳәр қыйлы себеплер менен ерисе алмаған Е.И.Малогрищенко ҚҚАССР архив басқармасы баслығы лаўазымында бир неше ай ислеп, өз қәлеўи менен жумыстан босайды. 1937-жылдың ақырынан баслап ҚҚАССР Орайлық Атқарыў Комитети архив жумысларына күнделикли итибар қарата баслады. Атап айтқанда, Орайлық Комитет, соңынан ҚҚАССР Жоқарғы Совети Президиумының тиккелей қатнасында Орайлық архив басқармасы 1938-жыл даўамында архивти жаңа имаратқа жайластырыўға еристи. 1938-жылы апрельде Орайлық архив басқармасының жайы 3 бөлмеден, дийўанхана, бөлеклеў бөлмеси, архив сақлағышы ҳәм қоймаханадан ибарат, улыўма майданы 136 кв.м болған жаңа имаратқа көшеди. Имарат ылайдан салынған, қурғақ, жарық, таза, төбеси топырақ еди. Дийўанхана менен складтың полы гербиштен, ал бөлеклеў бөлмесинин полы ағаштан исленген еди. Соның менен қатар, өртке қарсы үскенелери өрт өширгишлер ҳәм төрт шелектен ибарат болған [12].

Және бир жетискенлик архив штатының көбейиўи болды. Солай етип, 1937-жилга шекем Орайлық архив басқармасы штаты тек еки адамнан ибарат болған болса, 1938-жылы ол 7 адамнан ибарат етип тастыйықланды: архив басқарыўшысы, илимий хызметкер, үлкен инспектор, үлкен архив техник хызметкери, бухгалтер, қараўыл, тазалаўшы-хат тасыўшы. Архив баслығы И.Г.Котенёв жоқары арнаўлы мағлыўматқа ийе болмаса да, Москва қаласында СССР Орайлық атқарыў комитети жанындағы басшы ҳәм илимий хызметкерлер ушын бир айлық курсларды тамамлаған, илимий хызметкер ўазыйпасын атқарыўшы В.В.Хорошев болса сол ўақытқа шекем архив иси бойынша әмелий 3 жыллық мийнет стажына ийе болғанлығы себепли архив штаты тек сан жағынан емес, ал сапа жағынан да көбейгенлигин атап өтиў керек [13].

Солай етип, 1930-жыллардың ақырына келип, жоқары тәжирийбели, өз бетинше пикирлейтуғын қәнигелерди архивтен тысқары басқарыў мәкемелериниң уқыпсыз ўәкиллери тәрепинен берилген көрсетпелерди техникалық орынлаўшылар менен алмастырыў ҳәм архив тараўын дерлик толық «мәмлекетлестириў» процесслери архив илиминиң илимий-изертлеў ҳәм мәдений қәдириятларының ҳүкимдар идеологияға толық бойсыныўына алып келди. «Антимарксистлик» бағдардағы қәнигелерди күш пенен жоқ етиў архив иси теориясы тараўында турғынлыққа алып келди ҳәм архив исинин кейинги қурылысына унамсыз тәризде тәсир көрсетти.

**ӘДЕБИЯТЛАР**


1. Қарақалпақстан Республикасы Орайлық Мәмлекетлик архиви - 193-фонд, 1-дизим, 5-ис, 44-бет
2. ҚРОА 66-фонд, 1-дизим, 29-ис, 1-бет
3. ҚРОА 66-фонд, 1-дизим, 16-ис, 158-бет
4. ҚРОА 66-фонд, 1-дизим, 29-ис, 35-бет
5. ҚРОА 66-фонд, 1-дизим, 23-ис, 101-бет
6. ҚРОА 66-фонд, 1-дизим, 29-ис, 40-бет
7. ҚРОА 193-фонд, 1-дизим, 5-ис, 44-бет
8. ҚРОА 66-фонд, 1-дизим, 23-ис, 104-бет
9. ҚРОА 229-фонд, 1-дизим, 97-ис, 82-83-бетлер
10. ҚРОА 193-фонд, 1-дизим, 5-ис, 29-бет
11. Цеменкова С.И. История архивов России: XX - начало XXI века. Учебное пособие. Екатеринбург, Издательство Уральского университета, 2019, с. 66-67
12. ҚРОА 193-фонд, 1-дизим, 27-ис, 5-бет
13. ҚРОА 193-фонд, 1-дизим, 27-ис, 4-бет


***Qoraqalpog‘istonda arxiv ishini tashkil etish muammolari***

Maqola Qoraqalpog‘istonda arxiv ishining rivojlanishiga bag‘ishlangan. Unda Qoraqalpog‘iston arxiv tashkilotlari va uning turli rahbarlarining arxiv ishlab chiqarishini shakllantirish va rivojlantirish borasidagi faoliyati, Qoraqalpog‘istonda arxiv faoliyatini dastlabki bosqichlarda tashkil etishdagi muammolar ko‘rib chiqilgan. Bu ish Qoraqalpog‘istonda arxiv ishi rivojini o‘rganish tarixida muhim qadamdir.

**Kalit so'zlar:** arxiv bólimi, mámleketlik arxiv, arxiv fondları, arxiv basshıları.

***Проблемы организации архивного дела в каракалпакстане***

Резюме. **Статья посвящена развитию архивного дела в Каракалпакстане. В ней рассматривается деятельность архивных органов Каракалпакстана и его различных руководителей в деле формирования и развития архивного производства, проблемам в организации архивного дела в Каракалпакстане на начальных его этапах. Данная работа является важным шагом в истории изучения развития архивного дела в Каракалпакстане.**

Ключевые слова: **архивное отделение, государственный архив, архивные фонды, руководители архива.**

***Problems in organizing archival affairs in karakalpakstan***

Annotation. **The article is dedicated to the development of archival work in Karakalpakstan. It examines the activities of the archival bodies of Karakalpakstan and their various managers in the formation and development of archival production, and the problems in organizing archival work in Karakalpakstan at its initial stages. This work is an important step in the history of studying the development of archival work in Karakalpakstan.**

Keywords: **archival department, state archive, archival funds, archive leaders.**